

Rezime Semèn Batay Kont Moustik Lan



Premye Semèn: Responsablite pèsònèl

Nan seksyon bwat zouti pou batay kont moustik sa, ou pral jwenn mesaj ak piblikasyon ki ap ankouraje piblik la pou yo pran bon jan desizyon kap ede yo pwoteje tèt yo ak fanmi yo kont maladi moustik bay. Chak mesaj edike piblik la pou yo fè koule ma dlo ki bò lakay yo, ranplase fenèt ki kraze, itilize klimatizè epi mete rad anti moustik US-EPA ak Depatman Agrikilti ak Sèvis Konsomatè Florida apwouve. Rad ki apwopriye pou moun mete se chemiz manch long ki byen laj ak pantalon long. Objektif semèn sa se pou enfòmè piblik la ke yo gen yon wòl pou jwe nan pwoteje tèt yo ak kominote yo kont maladi moustik pote.

Dezyèm Semèn: Maladi Moustik Bay

Nan seksyon bwat zouti pou batay kont moustik sa, ou pral jwenn mesaj ak piblikasyon ki ap edike piblik la sou jan li enpòtan pou batay kont maladi moustik bay. Gen anpil maladi ke moustik ki potansyèlman enfekte bay, tankou Zika, Nil Oksidantal, Fyèb jon, Chikoungounya, Viris ansefalit Nò Ameriken ak Viris ansefalit ki sòti nan Sen Lwi. Moustik ka bay bèt ak bèt nan kay maladi tou. Etid ki fèt sou batay kont moustik montre ke lè popilasyon moustik yo desann, ris pou yon epidemi maladi moustik pote diminye. Objektif semèn sa se pou enfòmè piblik la ke batay kont moustik nesèsè poutèt epide.mi maladi moustik pote.

Twazyèm Semèn: Nwisans ak Ekonomi

Nan seksyon bwat zouti pou batay kont moustik sa, ou pral jwenn mesaj ak piblikasyon ki ap edike piblik la sou efè negatif moustik ka genyen sou ekonomi Florid ak sou posiblite piblik la pou jwi aktivite deyò. Popilasyon moustik yo kapab ogmante rapidman nan zòn cho ak imid, ki fè moun konsidere Florid kòm yon zòn ki pafè pou moustik kale ze yo. Touris yo gen mwens chans vizite yon zòn ki gen moustik nwizib, e pi mal ankò, pou vizite yon zòn kote maladi moustik bay ap pwopaje. Endistri Touristik Miyami a te deminiye pandan epidemi Zika, espesyalman lè CDC te dekonsye moun vwayaje poutèt pwopagasyon maladi sila. Maladi moustik pote yo lakòz anpil depans. Epidemi viris Nil Oksidantal ke leta la Lwizann te genyen nan mwa jen 2002 rive nan mwa fevriye 2003 se youn nan egzanp nou ka bay paske leta la Lwizann te depanse anviron 20 milyon dola ameriken pou li trete maladi ke viris sa bay e Depatman Sante Piblik eta sa te oblije reponn ijans ki te genyen. An jeneral, moustik ka gen yon enpak negatif sou endistri touristik, sante ak bèt eta Florid. Tout faktè sa yo gen enpak sou byennèt rezidan Florid yo ak ekonomi Florid la.



Rezime Semèn Batay Kont Moustik Lan



Katriyèm Semèn: Metòd Aplikasyon

Nan seksyon bwat zouti pou batay kont moustik sa, ou pral jwenn mesaj ak piblikasyon ki ap edike piblik la sou metòd aplikasyon ke pwogram batay kont moustik itilize pou kontwole popilasyon moustik yo. Operatè yo itilize yon metod jesyon moustik (IMM) pou detwi moustik nan kominote a. yo. Operatè yo sèvi ak konesans yo aprann nan byoloji pou yo kapab chwazi ki etap nan IMM ki apwopriye pou zòn ki afekte yo. IMM genyen ladan'l: sondaj nan zòn, elimine sit kote moustik repwodwi tèt yo, sèvi ak baryè, kontwole moustik depi lè yap fèk grandi (pwodwi anti moustik) epi redwi kantite gwo moustik yo. Se pa sou pwodwi chimik ke pwogram IMM sèlman konte, se poutèt sa operatè yo itilize anpil teknik pou chèche detwi lejyon moustik kap grandi yo. Trètman pou detwi moustik kapab aplike ak aparèy pou flite ki sou tèt kamyon ak avyon. Itilizasyon Trètman Ayeryen se metòd ensektisid syantifik yo plis rekòmande pou moun itilize pou goumen kont epidemi maladi ke moustik pote paske li ka touche pi gwo zòn e li pi efikas pase nenpòt lòt metòd. Li enpòtan pou piblik la konprann ke anvan yo ilitize pwodwi chimik, syantifik yo etidye yo. Syantifik yo jwenn ke pwodwi chimik sa yo san danje epi EPA apwouve yo. Se menm pwodui chimik sa yo ke peyizan yo itilize pou trete lav ki nan agrikilti òganik yo. Yo itilize pwodui chimik pou trete moustik granmoun pandan plizyè ane, e etid ki fèt sou batay kont moustik montre ke li pa gen okenn danje pou moun lè moun yo li direksyon ki sou etikèt la. Pandan yap flite pwodwi nan lè a, sèlman yon ti kiyè pwodwi pou detwi moustik granmoun ap itilize pou yon zòn ki gwose yon tèren foutbòl. Li pi bon pou aplike trètman pou detwi moustik yo anvan solèy leve oubyen lè solèy pral kouche paske li gen mwens chans pou afekte abèy/myèl - yo nan nich yo nan lè sa yo. Mouvman batay kont moustik yo pwoteje moun kont epidemi malady, Adiminye moustik nwizib epi pwoteje ekonomi Florid la.